# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु देहरादून में आयोजित कार्यक्रम में दिल्ली–देहरादून आर्थिक गलियारा क लोकारपण कइलें। छौ लेन वाला दुइ सौ तेरह किलोमीटर लमहर दिल्ली–देहरादून आर्थिक गलियारा बारह हजार करोड़ रूपिया क लागति से तइयार कइल गइल हौ। ई कॉरिडोर दिल्ली, उत्तर प्रदेस अउर उत्तराखण्ड के जोड़े ला। येह मौका पर आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री कहलें कि देहरादून–दिल्ली आर्थिक कॉरिडोर से येह पूरा क्षेत्र क कायाकलप होखे जा रहल हौ। एहसे समय बची अउर लोगिन क पेट्रोल–डीजल भी कम खरचा होई। पीएम मोदी सड़कि आ अउरियो तरह क कनेक्टिविटी के देसहित में महत्वपूर्ण बतावत कहलें कि–

***राष्ट्र की भाग्य रेखाएं यह हमारी सड़कें होती हैं। हमारे हाईवे होते हैं, हमारे एक्सप्रेसवे होते हैं, एयरवे, रेलवे, वाटरवे यह हमारे राष्ट्र की भाग्य रेखाएं होती है। और बीते एक दशक से हमारा देश विकसित भारत बनाने के लिए विकास की ऐसी ही भाग्य रेखाओं के निर्माण में जुटा हुआ है।***

प्रधानमंत्री विकास कार्यन में प्रकृति अउर संस्कृति के संरक्षणो पर जोर दिहलें। उहां के कहलीं–

***हम ऐसा विकसित भारत बनाने में जुटे हैं जहां प्रगति भी हो। प्रकृति भी हो और संस्कृति भी हो और इसलिए आज होने वाले हर निर्माण को इन्हीं त्रिवेणी प्रगति प्रकृति और संस्कृति की त्रिवेणी इनहीं मूल्यों के आधार पर विकसित किया जा रहा है।***

केन्द्रीय सड़क, परिवहन आ राजमार्ग मंत्री नितिन गड़करी अउर उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर धामियो जनसभा के सम्बोधित कइलें जबकि दिल्ली क मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता दिल्ली से अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पीएम मोदी के कार्यक्रम में सहारनपुर से वर्चुअल जुड़लें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि ई गलियारा दिल्ली अउर सहारनपुर से देहरादून ले जतरा समय के छौ घंटा से घटा के करीब अढ़ाई घंटा कइ देई। मुख्यमंत्री येह कॉरिडोर के पच्छिमी उत्तर प्रदेस बदे महत्वपूर्ण बतवलें।

***इसके माध्यम से सहारनपुर का वुड वर्क का जो कार्य है। यहां के शामली, मुजफरनगर, मेरठ, बागपत यहां पर जो भी प्रोडक्ट बनता है अब इसके माध्यम से राष्ट्रीय राजधानी के साथ साथ दुनिया के बाजार में पहुचाने का एक उत्तम माध्यम यह इकोनॉमिक कोरिडोर आपको प्राप्त हुआ है।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु सहारनपुर में दिल्ली–देहरादून आर्थिक कॉरिडोर के महत्वपूर्ण हिस्सा एलिवेटेड वन्य जीव कॉरिडोर क निरीक्षण कइलें। करीब बारह किलोमीटर लमहर येह कॉरिडोर में बिसेस अण्डरपास बनावल गइल हौ, जवना से वन्य जीव बिना कउनों बाधा के आवाजाही कइ सके लें। प्रधानमंत्री क निरीक्षण के समय मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहलें। वन्य जीव कॉरिडोर क निरीक्षण कइले से पहिले प्रधानमंत्री रोड–शो कइ के जनता क अभिवादन स्वीकार कइलें। येह बिच्चे बड़हन संख्या में जुटल लोगि फूल बरसा के प्रधानमंत्री क स्वागत कइलें। पीएम मोदी डाट काली मंदिर में दरसन–पूजनों कइलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि फैसिला लेवे में महिला लोगिन क सक्रिय भागीदारी से बरिस दुइ हजार सैंतालीस ले विकसित भारत के जतरा क दृस्टिकोंण अउरियो मजबूत होई। नारी शक्ति के लिखल चिट्ठी में श्री मोदी कहलें कि सोरह अपरैल के संसद, नारी शक्ति वंदन अधिनियम से जुड़ल महत्वपूर्ण संवैधानिक संसोधन पर चरचा अउर ओके पारित करे बदे दोबारा सत्र सुरू करी।

**********

भारतीय संविधान क शिल्पकार भारत रत्न बाबा साहेब डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर क जयंती आजु प्रदेस भर में मनावल जा रहलि हौ। येह मौका पर राज्य क सज्जो जिलन में कई कार्यक्रमन के जरिये देसहित में बाबा साहेब के जोगदान के यादि कइल गइल। डॉक्टर आम्बेडकर के मुरती पर सबेसे से सांझा ले सरधा–सुमन अरपित करे क कार्यक्रम जारी रहल। बाबा साहेब आम्बेडकर क जयंती पर सरधांजलि देत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उन्हें अन्त्योदय अउर लोक कल्याण बदे समरपित मां भारती क अमूल्य रत्न बतवले हवें। मुख्यमंत्री कहलें कि डॉक्टर आम्बेडकर क प्रेरक जिनगी हम्मन बदे हमेसा राहि देखावत रही। बाबा साहेब क जयंती पर लखनऊ में आम्बेडकर महासभा कार्यालय में एगो बिसेस समारोह क आयोजन कइल गइल। समारोह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, प्रदेस सरकार में मंत्री बेबी रानी मौर्य अउर असीम अरूण भी सामिल भइलें।

**********

बिहार में नया सरकार क गठन के ले के चलि रहल घटनाक्रम के बिच्चे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आजु आपन इस्तीफा राज्यपाल सैयद अता हसनैन के सउंपि दिहले हवें। येह बिच्चे, भारतीय जनता पारटी के विधायक दल के बइठकी में सम्राट चौधरी के विधायक दल क नेता चुनल गइल हौ। अब एनडीए क बइठकी के बाद उनकर नांव औपचारिक रूप से मुख्यमंत्री बदे चुनल जाई।

**********